

## ENVESTI NAN EDIKASYON

Bidjè FY23 an demonstre angajman Administrasyon Kenney an nan edikasyon paske gen plis sipò taks lokal ki ale nan envestisman edikasyon pase nan nenpò lòt envestisman. Lè yo konbine avèk kontribisyon **\$389.4 milyon** Fon Jeneral la, **\$1.4 milya** nan sipò taks lokal yo vin fè total sipò taks lokal la nan **\$1.8 milya**. Pandan Administrasyon Kenney an, kontribisyon Fon Jeneral pou edikasyon an plis pase double epi sipò lokal la an jeneral pou edikasyon an te ogmante ak **plis pase \$300 milyon**. Envestisman sa yo fè Filadèlfia pi konpetitif sou plan ekonomik, grandi sistèm apwovizyonman talan ak mendèv la, epi bay sipò baze nan katye pou granmoun ak timoun. Yo fèt pou asire ke pandan Filadèlfia ap grandi, l ap grandi yon fason ki ekitab, sa ki pèmèt tout moun Filadèlfia jwenn aksè nan travay ki soutni fanmi yo epi kraze sik povrete ant jenerasyon yo.

### **\$389.4 MILYON KONTRIBYON NAN FON JENERAL FY23**

#### **\$270M POU DISTRI LÉKÒL FILADÈLFIA**

Envestisman fon jeneral Administrasyon Kenney an, ki te ogmante ak \$14 milyon parapò ak ane pase, soutni estabilite fiskal pou Distri a pou pèmèt elèv yo amelyore rezulta yo. Depi nan kòmansman Administrasyon Kenney an, kontribisyon Vil la nan Distri a te ogmante sot \$104 milyon nan FY16 lan pou vin \$270 milyon pou FY23, yon ogmantasyon nan 160 poustan.

#### **\$39.3M POU COMMUNITY COLLEGE OF PHILADELPHIA AK**

#### **\$10.8M BOUSDETID OCTAVIUS CATTO**

Vil la envesti nan operasyon ak pwogram kapital nan Community College of Philadelphia grasa yon kontribisyon \$39.3 milyon ak nan Bousdetid Octavius Catto an pou bay edikasyon segondè aksesib kalite siperyè. Bousdetid Catto an, ki te kòmanse pandan Administrasyon Kenney an, rann frè ekolaj CCP yo gratis pou elèv a plentan ki kalifye yo epi li bay alokasyon pou liv, transpò ak manje, sa ki amelyore toutbon aksè ak pèseverans nan kolèj.

#### **\$47.6M POU PHLPREK AK \$12.4M POU LEKÒL KOMINOTÈ YO**

Angajman Majistra a nan pre-K kalite siperyè, ak lekòl kominotè k ap grandi yo — te posib grasa Taks sou Bwason Filadèlfia a ki pral elaji nan FY23. Ajoutman 300 novo plas PHLpreK, pou yon total 4,300, ak finansman pou 20 Lekòl Kominotè, yon ogmantasyon 3 an konparezon ak FY22, pote bon jan kalite aprantisaj ak resous pou yon kantite Moun Filadèlfia k ap ogmante.

#### **\$7.9M POU PWOGRAM WORKREADY AN**

Pou soutni edikasyon ak preparasyon pou travay, Administrasyon Kenney an envesti nan WorkReady, sa ki pèmèt adolesan yo ak jèn granmoun yo angaje yo nan travay dete enpòtan.

#### **\$1.5 M POU EDIKASYON GRANMOUN**

Pou elaji ak fasilité aksè nan chans pou edikasyon granmoun yo, Vil la envesti nan edikasyon granmoun ki esansyèl pou Moun Filadèlfia yo reyalize potansyèl yo pèsonèlman, ki limenm kreye kwasans ekonomik, redui inegalite, ak ankouraje enklizyon sosyal.